



## **Fowòm refleksyon sendika pou yon dyalog sou rekonstriksyon Ayiti « mete tèt nou ansanm »**

(unissons-nous)

**Les 10, 11 et 12 avril 2010**

**Au Dominican Fiesta Hotel & Casino**

Avenida Anacaona 101, Esquina Avenida Anacaona  
Santo Domingo, Dominican Republic  
(809) 482-8939

Nan kad entèvansyon k ap fet sou bezwen prese prese ak planifikasyon pou annapre peryòd ijans lan, gen anpil fowòm diskisyon k ap fèt pou gade ki kalte aksyon ki ta dwe fèt pou soutni rekonstriksyon peyi dayiti. Anpil moun prefere di **refondasyon**, se yon fason yon manyè pou yo pa mete akote pwoblèm peyi a te deja genyen anvan tranbleman tè a.

Depi mwa janvye 2008, sendika yo ak òganizasyon sosyete sivil nan peyi dayiti te deja ap brase lide sou yon seri aksyon yo te ka fè ansanm pou fè tande vwa fanm kou gason k ap travay nan sektè fòmèl ak sektè enfòmèl. Travay sa te fèt nan yon rankont ak FTQ sou kesyon dyalòg nasyonal la nan Pòtoprens.

Konsta nou te fè nan rankont sa vin parèt pi grav apre evenman 12 janvye 2010 la

Pou pote yon repons ak pwoblèm travay, reprezantasyon ak **rekonesans dwa sendika yo genyen**, òganizasyon ki te patisipe nan rankont sa wè nesosite pou :

1. Renfòse sendika yo, nan ba yo seyans fòmasyon su danje mondyalizasyon nan zafè devlopman
2. Devlope espas refleksyon sou dega mondyalizasyon sa ap fè lakay travayè ak travayéz ayisyen yo.
3. Devlope plis youn ede lòt nan mitan sendika yo ak asistans mityèl yo.
4. Sansibilize popilasyon an sou malè ki pandye sou tèt li nan kesyon mondyalizasyon sa a.
5. Devlope bon jan kondisyon travay ( Nouvo sèvis, .....)
6. Travay pou genyen dyalòg ak solidarite k ap grandi avèk lòt òganizasyon ( ekzanp : òganizasyon peyizan, jounalis, chofè, fanm...)
7. Renfòse lyen entènasyonal pou apiye objektif sa yo.

Sitiyasyon ijans pou yon ti bout tan ak yon tan ki pi long

Nou dejan rantr nan yon faz tranzisyon ak planifikasyon pou rekonstriksyon (oubyen refondasyon daprè jan diferan gwoup ka konprann li) Ayiti. Avèk kominote sendika entènasyonal la ak Oxfam Québec, nou rive soutni pi fò militan sendika yo ( nou ba yo èd medikal, éd alimantè, matela, planch, prela, elatiye) men kote moun yo rete anba tant yo frajil anpil - Gen yon gwo mankman nan kesyonabri a lè n konsidere sezon lapli pr al kòmanse. Posibilite ki genyen pou tè a souke tanzantan ak dega ki fèt deja yo lakòz moun yo pa ka rantr lakay yo.

Gen yon gwo pwoblèm ki rive nan mitan sektè (fòmèl ak enfòmèl/piblik ak prive a). Anpil travayè ak travayèz ki te anplwaye nan sesktè sa yo mouri. Safè gen yon gwo mank resous moun pou travay nan tout sektè sa yo Fòk . Gen pwoblèm moun blese ak andikape yo. Gen lòt moun ki kite kapital la oubyen ki kite peyi a. Rejyon ki resevwa sinistre yo. Sitiyasyon sa a mande n pou n prevwa entèvansyon ijans pou n ka soutni ekonomi lokal la nan rejyon ki pi frape yo epi pèmèt moun ki gen esperyans yo rekomanse travay la yon fason pou yo ka ba y tèt yo manje nan sitiyasyon sa a.

Nan sousi sa a fok nou prevwa èd ak patenarya yon lòt fason.

Ayisyen ak Ayisyen ki nan dyaspora swete pou yo patisipe nan diferan deba k ap fèt sou aksyon ki dwe menmen pou ede rekonstri ayiti. Refleksyon Ayisyen k ap viv Ayiti, ayisyen ki nan lòt peyi, sitwayen ak ekspè entènasyonal, peyi zanmi Ayiti yo abouti ak anpil konferans pami yo konferans ki te fèt Monreyal la soti 4 rive 5 mas pase a, se Gwoup Rekleksyon ak Aksyon pou Rekonstriksyon Ayiti (GARH) yo reflechi sou yon seri pwojè, y ap analize etidye pwojè sa yo toujou e y ap oganize yon lòt rankont nan mwa me k ap vini an.

### **Pwojè y ap etidye :**

1. Devlopman ekonomik epi kreye travay
2. Enfrastrikti nasyonal
3. Rekonstri leta ak gouvenman
4. Sante piblik ak popilasyon
5. Solidarite ak devloppement sosyal
6. Sistèm edikasyon nan peyi dayiti
7. Patrimwan, kilti ak entrepriz kiltirel
8. Entevisyon ijan ak entevansyon apre peryòd ijans lan
9. Planifikasyon ak resous lajan

Nou pati sou baz bezwen ak solisyon yo dwe pote pase fòk nou konsidere premye enterè moun yo, yon fason espesyal pou asosyasyon travayè ak travayèz y, asosyasyon fanm ak lòt oganizasyon ki reprezante sosyete sivil ayisyen an. Sa fè n wè li enpotan pou n fè yon rankont ak fanm ak gason ki reprezante sosyete sivil la.

### **Objektif jeneral :**

- Fe yon bilan sou sitiyasyon peyi dayiti nan moman sa ak bezwen popilasyon an

- Ofri yon platfòm diskisyon sou diferan aspe rekonstriksyon an
- Evalye resous ki egziste yo (nasyonal ak entenasyonal)
- Identifye aksyon sosyete sivil la pwopoze yo
- Devlope moyen ak fom konikasyon n ap itilize pou favorize plis dyalòg nan sosyete a.
- Fe yon pi bon jesyon nan kesyon èd entenasyonal pou Ayiti

**Rezilta n ap tann :**

- Yon bilan teren sou sitiyasyon Ayiti a ak temwayaj diferan gwoup
- Yon menm konpreyansyon sou defi k ap vini yo
- Prepare yon dokiman sou yon menm oryantasyon ou vizyon
- Degaje pis daksyon konkrèt ak reyalizasyon pou konnya epi pita
- Yon gid pou vanse pou chak sektè ....
- Devlope nouvo solidarite

**Pwopozisyon pwogram pou fowom k ap fèt Santo Domingo a**

**Samdi 10 avril 2010**

AM- Akèy patisipan yo ( moun ki pa t déjà nan koferans CSI a)

PM- Ouveti fowòm nan

- Mo akèy (byen vini): Oxfam et FTQ
- Prezantasyon patisipan yo ( y ap pwofite tou fè yon ti pale sou sitiyasyon Ayiti a)
- Prezantasyon objektif ak pwogram rankont lan
- Prezantasyon rappò avansman Oxfam Quebec
- Prezantasyon travay CSI yo ak fèy gid yo pwopoze òganizasyon sendikal yo.

Nan aswe Rankont amikal

**Dimanche 11 avril**

AM Fe yon retounen sou eta sitiyasyon sa, rappel sou konsta yo ak rapò sa a kite sòti nan fowòm 2008 la sou dyalòg nasyonal la

PM Eta sitiyasyon sevis piblik yo ( Entrodwi avèk bilan ki te fèt nan maten an ak atelye(an kreyòl) animate ak animatris yo ap enteveni pou ranfòse pòt pawòl atelye yo.

Atelye deba ak diskisyon

**ATELYE 1**

Alimantasyon ak dlo  
Lasante ak.....

**ATELYE 2**

Edikasyon

**ATELYE 3**

Amenajman teriktwa (jesyon ris) ak eneji

**ATELYE 4**

Kominikasyon ak lapòs

Plenyè : Rapò atelye diskizyon yo ak rekòmandasyon atelye tematik yo

Lendi 12 avril 2010

AM Pou sèvis piblik yo bay bon sèvis oubyen travay byen

Fè yon ranmase sou diskizyon ki fèt yo.

**KONTINYE AK TRAVAY KI TE KÒMANSE DEJA A.**

Entrodiksyon : Travay, kondisyon travay, pwoteksyon sosyal , dwa pou moun yo patisipe nan òganizasyon epi negosye ansanm nan peyi dayiti

Atelye : 5 gwoup – Atelye yo pral travay pou fè yon plan travay

Poun fini

Midi: N ap manje epi delegasyon ki soti Quebec la ap tounen lakay yo

**Madi 13 avril 2010**

AM Patisipan ki soti Pòtoprens yo prale

Evalyasyon ak bilan ekip ankadreman an